

Зи цIэр жыжьэ Iуа

2-нэ нап.



«Махуэку»

3-нэ нап.



ЩIыхум уи сэбэп екIыныращ нэхъыщхьэр

4-нэ нап.



Дзюдом зыхуагъасэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№2 (24.908) • 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 15, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ



# Иджыри сом мелуан 200

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм зегъэужьыным пыщIа Iуэхухэм теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, абы и къуэдзэ Хъубий Марат, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ а IэнатIэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым теухуа Iуэхухэм икIи зэман гъунэгъум зэфIагъэкIын хуей къалэнхэм щыхэплъащ.

Мы зэманым и кIэм нагъэблэгъащ Псантхуэ узыфэхэмрэ наркологиемкIэ республикэ центрым сабийхэм папщIэ иIэ къудамэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным пыщIа лэжьыгъэхэр. Абы метр зэбгъузэнатIэ минитIым щIигъу еубыд. Унэм и щIыбыр къагъэщIэрэщIэжащ, и щхьэр, щхьэгъубжэхэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкIащ, иджы и кIуэцIыр зэрахьэ, сымаджэщым къедзауэ автомобиль гъэувыпIэ щащIащ. Мыбдежым мыгувэу къыщызэIуахынущ сабийхэм я псантхуэхэм щыкIэлъыплъыну центр.

КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ IуэхущIапIэр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм пащэну икIи абы къыкIэлъыкIуэу яужь ихьэнущ цIыхубзхэм папщIэ щыIэ къудамэр зэгъэпэщыжыным. Ари зыхуей хуагъэзэнущ республикэ бюджетым щыщ мылъкукIэ.

«ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэу пащэ лышх узыфэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерым, гъуэлъыпIэ 250-рэ зыщIэхуэнум, и ухуэныгъэм. Ар республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм щагъэзащIэ проект нэхъ ин дыдэщ мы зэманым. Ухуэныгъэшхуэр Iыхьитхуу зэхэтщ, метр зэбгъузэнатIэ мин 24-рэ еубыд. А IуэхущIапIэм хэтынущ жэщми махуэми цIыхухэм щеIэзэну стационар, зэуэ цIыхуи 100-м я узыншагъэм щыкIэлъыплъыфыну поликлиникэ. Хирургие къудамэм операцэхэр щрагъэкIуэкIыну пэшыщхуитхурэ нэхъ цIыкIуу тIурэ иIэнущ. Щхьэхуэу иIэщ радиологие къудамэ, бзийкIэ щеIэзэ хъу щIыпIищ хэту. Диспансерым иджырей зэрыIэзэ Iэмалхэр къыщагъэсэбэпынущ. Ар лажьэу яутIыпщыну я мурадщ 2027 гъэм.

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къонэж узыншагъэр хъумэн IэнатIэм бжыгъэр зи тегъэщIапIэ Iэмалхэр хэпщэныр. IэщIагъэлIхэм я дежкIэ къыпхуэмылъытэну щIэгъэкъуэнышхуэ хъуащ иужьрей илъэситхум зэтраухуауэ зэрылажьэ медицинэ хъыбарегъащIэ IэнатIэр. Абы хъума щохъу сымаджэхэм я картэхэр, траха гъуджэхэр; телемедицинэ Iэмалри, узыфэр къызэрахутэ лабораторэ къэпщытэныгъэхэри, дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къеджэнри, радиологие Iэмэпсымэхэри абы хохьэ. А IэнатIэм хапщащ къэухь IэрыщIым и Iэмалри, ари дохутырхэм сэбэп яхуохъу медицинэм ехьэлIа Iуэхухэр зэхэгъэкIынымкIи, узыфэхэм нэхъ зыщаубгъункIэ хъунур къэщIэнымкIи, ахэр нэхъ пасэу къэхутэнымкIи. А IэнатIэми нэхъри зрагъэужьынущ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ льготэхэр зиIэ цIыхухэр хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуа къалэнхэр гъэзэщIэнми. А Iуэхутхьэбзэхэмхуэныкъуэхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуащ. Апхуэдэу щытми, и нэхъыбапIэкIи республикэ бюджетым къыхэкIыу, илъэс къэс а Iуэхум хухах ахъшэм щIагъу. Мылъку нэхъыбэр хуаутIыпщ лышх, фошыгъу узыфэхэр, мащIэ дыдэу фIэкIа узримыхьэлIэ узхэр зыпкърытхэм хущхъуэхэр яIэным. Къыхагъэщащ иужьрей гъэхэм абыхэм хуаутIыпщ ахъшэр илъэсым къриубыдэу сом мелуани 180-м къыщыщIэдзауэ мелардым нэсу нэхъыбэ зэращIар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм пщэрылъ ящищIащ льготэ зиIэхэр хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным трагъэкIуадэ мылъкур иджыри сом мелуан 200-кIэ нэхъыбэ ящIыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Фэтэр куэду зэхэт унэхэм

«Къэбэрдей-Балъкъэрым фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэIузэпэщ щыщIынымкIэ щIыналъэ операторым» и унафэщI Кулиев Мустафир КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ.



2026 ГЪЭМ фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэрахьэн лэжьыгъэм пащэнущ. Уни 163-рэ зэIузэпэщ ящIыну я мурадщ. КъызэщIэубыдауэ, абы текIуэдэну ахъшэр сом мелард 1,1-м щIегъу.

Уни 124-м я унащхьэхэр яхъуэжынущ, 14-м и щIыбыр зэрахьэнущ, екIуалIэ инженер системэхэр зэрахъуэкIынущ, къинэмыщI лэжьыгъэхэр ирахьэлIэнущ.

Фэтэр куэду зэхэт унэ 14-м хэт лифтхэмрэ абы хуагъадэ Iэмэпсымэу 30-м нэс яхъуэжынущ.

Илъэс блэкIам зэлэжьа унэхэр зэрахьэн яухащ. Унэ 26-рэ зэIузэпэщ ящIащ, 41-м и унащхьэр яхъуэжащ.

Хъарзынэу къызэгъэпэща хъуащ унэ зехьэным текIуэдэну мылъкум и зэхуэхьэсыныр. Ар и фIыгъэщ унафэщIхэр цIыхухэм япыщIа зэпыту зэрылажьэм, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я теплъэр зэрефIакIуэм.

# Хъыбарегъащ1э IэнатIэхэм я махуэшхуэм





**Къэралымрэ жылагъуэмрэ зегъэужьыным теухуауэ журналистым и псалъэм иIэ мыхьэнэр къалъытэу, Урысейм щIышылэм и 13-м щагъэлъапIэ Печатым и махуэр.**

НАЛШЫК къалэм дэт Печатым и унэм щагъэлъэпIащ республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ я лэжьакIуэхэр. Абыхэм ехъуэхъуну къеблэгъат КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр. Гупым ар къахыхьэн ипэкIэ, ар щыIат, «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда» «Советская молодежь» газетхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм. Къэралым, щIыналъэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ цIыхубэм я деж и чэзум зэрынахьэсыр къыхигъэщу, абы лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ.

- ИлъэсыщIэр мыпхуэдэ Iуэху гуапэкIэ къызэрыщIэддзэм мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ, - жиIащ Бозийм. - Пэжыр жысIэнщи, сэ ди республикэм и газет къыдэкIыгъуэхэри журналхэри псори тызодзэ, дэтхэнэми зыщызогъэгъуазэ. 2025 гъэр къызэрыгуэкIыу щытакъым, ди министерствэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр къызэрырапхыжам Iуэхум нэхъыфIу зыхэдгъэгъуэзэн, зэрызыдужьыным дегупсысын, зэхъуэкIыныгъэхэр къыхэтлъэхьэн хуей хъуат. Шэч хэмылъу, ехъулIэныгъэхэри диIащ, дяпэкIи ди мурадхэм дызэрылъэIэсынум иужь дитынущ. СызэреплъымкIэ, газетхэмрэ журналхэмрэ щызэщIэгъэуIуа мыпхуэдэ лэжьакIуэ гупхэр диIэу, ар гугъу хъунукъым. ЛъэпощхьэпохэрщыIэми, дэтхэнэри и IэнатIэм егугъуу зэрыпэрытыр долъагъу. Нобэ, зэрыфщIэщи, хъыбар нэпцIхэр ягъэIуу, жылагъуэр къызэщIагъэстыныр куэдым я хъуэпсапIэщ. Апхуэдэхэм япэщIэт фэ пэжым и телъхьэу, жэуаплыныгъэ фхэлъу фызэрылажьэр ди дежкIэ гуапэщ, икIи зэрытхузэфIэкIкIэ зыфщIэдгъэкъуэнущ. МахуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу, фи къарум хэмыщIу фи лэжьыгъэр адэкIи евгъэфIэкIуэну си гуапэщ.

КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр а махуэм зыхуагъэфэщахэм ящыщщ ди лэжьэгъухэу Истэпан Залинэ («Iуащхьэмахуэ» журналми жэуап зыхь и секретарщ), ЩхьэщэмыщI Изэ, ТекIужь Заретэ сымэ.

Къызэхуэсахэм журналистхэм щехъуэхъум, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч къыхигъэщащ газетхэмрэ журналхэмрэ тезыдзэхэм я бжыгъэм хэхъуэну, щIэджыкIакIуэхэр арэзы яхуэщIу, анэдэлъхубзэхэр хъумэным, щэнхабзэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуащIым пащэу гупхэр лэжьэну зэригуапэр. Абы жиIащ махуэшхуэм ирихьэлIэу Iуэху дахэ къызэрыхалъхьари.

- Мы гъэм япэу Мэзыхьэ Борис и цIэкIэ саугъэт ттыну дгъэуващ. Ар КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, Мэзыхьэ Борис и унагъуэм къабгъэдэкI жэрдэмщ, - жиIащ абы. - ЗэрыфщIэщи, Мэзыхьэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу 1982 гъэм къыщыщIэдзауэ 1997 гъэ пщIондэ щытащ, журналист зэгухьэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Ар журналист къудейтэкъым, атIэ икIи тхакIуэт. Абы «УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащат, Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щIыхь зиIэ я журналистт. Мэзыхьэ Борис УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм 1964 гъэм хагъэхьауэ щытащ, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм - 1979 гъэм. Аращ зи жэрдэму щытар ди газетым и фIэщыгъэр зэхъуэкIыныр. ЗэрыфщIэжщи, нэхъ ипэкIэ «Ленин гъуэгу»-кIэ зэджэу щытар 1991 гъэм «Адыгэ псалъэ» ящIат. А лъэхъэнэм ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI адыгэ газетхэм зэпыщIэныгъэ яIэ хъуащ. Илъэс 35-м щIигъуауэ мазищ къэс зэ зэгъусэу къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэр догъэхьэзыр. ЖысIэнуращи, ди нэхъыжьыфIхэм хаша лъагъуэрщ нобэми дызрикIуэр».

Мэзыхьэ Борис и цIэкIэ ягъэува саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм абдеж щратыжащ. Дохъуэхъу ди лэжьэгъу Уэрдокъуэ Женярэ ПхытIыкI Сонярэ апхуэдэ гулъытэ зэрыхуащIам папщIэ. ХьэщIэхэм ирагъэлъэгъуащ Мэзыхьэм и тхылъхэр, къыхуагъэфэща дамыгъэхэр, абы теухуауэ ягъэхьэзыра газет щхьэхуэхэр щызэхуахьэса дапхъэр, унагъуэ архивым къыхахыжа видео теплъэгъуэхэм ирагъэплъащ.

- Ди нэхъыжьыфIыр мы махуэм дигу къызэрыдгъэкIыжым и мыхьэнэр инщ. Лъэужь дахэ къызэзынэкIа Мэзыхьэ Борис ящыщт щапхъэ зытраххэм. ЩIэныгъэ зэдгъэгъуэтауэ лэжьапIэм дыкъэувауэ щытами, а зэманым апхуэдэ ди нэхъыжьхэм дызэраущииямрэ дызэрагъэсамрэщ лэжьыгъэм и пIалъэр къыдэзыгъэщIар. Ди ужь къиува щIалэгъуалэм мы Iуэхур ялъэгъуну щхьэпэщ», - жиIащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Уэрдокъуэ Женя



ЩхьэщэмыщI Изэ



Истэпан Залинэ



ТекIужь Заретэ

# Пэжыр цIыхубэм лъагъэIэс

**КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и япэ зэIущIэр вэсэмахуэ екIуэкIащ. Абы и унафэщI Жыласэ Заурбэч жиIащ илъэсым Iуэху гуапэкIэ зэрыпежьар.**





УРЫСЕЙ Печатым и махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъкIэ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я лэжьакIуэ зыбжанэ ягъэлъэпIащ. «Дызытехьа илъэсыр тхуэфIыну, лэжьыгъэ купщIафIэ къыдэхъулIэну, нэхъыщхьэращи, гугъуехь щыIэхэр къызэрызэдднэкIынум я хэкIыпIэхэр къэдгъуэтыну сынывохъуэхъу», - къыхигъэщащ Жыласэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр **Бозий Аскэр**. Абы жиIащ: «ХъыбарегъащIэ Iэмалхэм, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, захъуэж, заужь, электрон къыдэкIыгъуэхэм, социальнэ сетхэм заубгъу. Ауэ журналистым и лэжьыгъэм и мыхьэнэмрэ купщIэмрэ абы химыгъахъуэмэ, нэхъ мащIэ ищIыркъым. Иджыри 2000 гъэм тыгъэ къысхуащIауэ щытат Совет щIэнгъуазэ тхылъышхуэр дискищым теткъуэ. Зы библиотекэ цIыкIу щIэхуэн хуэдиз хъугъуэфIыгъуэр абдеж къызэрыщыбгъуэтыфыр ди адэм игъэщIагъуэрт. Иджыпсту хъыбар къыпIэрыхьэну гугъукъым, арщхьэкIэ ахэр куэдыщэ хъуащи, уи фIэщ пщIынумрэ дзыхь зэбгъэзынумрэ зэхэгъэкIыгъуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ журналистым игъэзащIэ къалэныр инщ, хъыбарым и пэжыпIэр цIыхум деж негъэсыф. Нэгъабэ «Инфорум» зэхыхьэшхуэр Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм Налшык зэрыщригъэкIуэкIар ди ехъулIэныгъэхэм ящыщу къызолъытэ, мис апхуэдэ IуэхуфIхэм дыхуейщ, дызэчэнджэщын, хэкIыпIэхэр къэдгъэлъэгъуэн папщIэ. Дыщогугъ дызытехьа илъэсми лэжьыгъэ купщIафIэ здедгъэкIуэну, министерствэм абы и къару ирихьэлIэнущ».

ХъыбарегъащIэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэ хуащIыр къалъытэу, зэIущIэм КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъыр щратащ «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех Къарей Элинэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и корреспондент Бейтыгъуэн Iэсият, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и нэтынхэм щыщ езыгъэкIуэкIхэу Щоджэн Лаурэрэ Джэду Сакинатрэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и хъыбарыщIэхэр езыгъэкIуэкI Къардэн Азэмэт, «Заман» газетым къыдэзыгъэкI и редактор Кетенчиевэ Зульфия, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор Накуэ Ольгэ, «Прохладненские известия» газетым и корреспондент Еремеевэ Иринэ сымэ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**«Зауэ Iуэхухэм я ветеранхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэтахэу хэкIуэдахэм (лIахэм) я унагъуэхэм щыщхэмрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэным пыщэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м къыдигъэкIа Указ №105-УГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Зауэ Iуэхухэм я ветеранхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэтахэу хэкIуэдахэм (лIахэм) я унагъуэхэм щыщхэмрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэным пыщэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м къыдигъэкIа Указ №105-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, абы и япэ абзацым хэт «2025 гъэхэм» псалъэхэр «, 2025, 2026 гъэхэм» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м*
*№146-УГ*

---

**«Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъур щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэхэр етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъур щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэхэр етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №-63-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, абы и «б», «в» пункт къуэдзэхэм хэт «2025 гъэм дыгъэгъазэм и 31» псалъэхэр «2026 гъэм гъатхэпэм и 31» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм щIышылэм и 12-м*
*№1-УГ*

---

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъ гъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къыдигъэкIа Унафэ №1620-П-П-м къару имыIэжу къэлъытэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъ гъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къыдигъэкIа Унафэ №1620-П-П-м.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м*
*№249-П-П*

**● Мэкъумэш хъыбархэр**

## ЩIэупщIэ яIэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и консерв заводхэм джэш хъурейуэ траIуантIэм и куэдагъым илъэс къэс хагъахъуэ зэпытщ. 2025 гъэм, зэкIэ къызэрабжамкIэ, абыхэм зэхэту ягъэхьэзыращ банкI мелуан 57,5-рэ икIи абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 20-м щIигъукIэ ар нэхъыбэщ.**

АПХУЭДЭ зэфIэкIхэр республикэм къегъэлъагъуэ фIагъ лъагэ зиIэ жылапхъэхэр ирикъуу къызэрыришалIэмрэ мэкъумэш IэнатIэм гупсысэ хэлъу зэрызригъэужьымрэ я фIыгъэкIэ. Нэгъабэ джэш хъурейр щыхащIащ гектар мини 4-м щIигъум икIи илъэс къэс щIыуэ ику иту абы хухахым хуэдизщ ар. Нэгъабэрей гъавэр мэкъумэшыщIэхэм къехъулIащ икIи зы гектарым хуэзэу центнер 37,4-рэ къытрахыжащ. 2024 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 7,5-кIэ нэхъыбэщ ари.

Джэш хъурейм нэмыщI, республикэм хъарзынэу къохъулIэ нартыху IэфIри. ЖыпIэнурамэ, 2025 гъэм консерв заводхэм щытраIуэнтIащ банкI мелуан 42,3-рэ. Абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм хуэдизщ ар.

Мыдрейуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щытраIуантIэ консервхэм дуней псом щыцIэрыIуэ брендхэм е ахэр къыщIэзыгъэкIа заводхэм я фIэщыгъэхэр зэрахьэ хабзэщ. Ди республикэм имызакъуэу абыхэм щIэупщIэ щаIэщ къэралым и адрей щIыналъэхэми икIи я сату щIыпIэ нэхъ инхэм куэдрэ уащрохьэлIэ.

## БжыгъэфIхэр къагъэлъагъуэ

**Бахъсэн щIыналъэм и Iэщыхъуэхэм нэгъабэ ехъулIэныгъэфIхэр къагъэлъэгъуащ. ЖыпIэнурамэ, мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту Iэщышхуэу щхьэ бжыгъэ яIыгъар мин 47-м щIигъуащ икIи абы ипэ ита илъэсым нэхърэ процента 10-кIэ нэхъыбэщ ар.**

АБЫ нэмыщI, мэлымрэ бжэнымкIэ хэхъуэхэри щыIащ: абыхэм я щхьэ бжыгъэхэр мин 46-м нызэрыхьэсащ. 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 23,3-кIэ ари нэхъыбэщ.

Апхуэдэуи, районым къыщыщIагъэкI мэкъумэш продукцэм и куэдагъми хагъахъуэ зэпытщ. Псалъэм къыдэкIуэу, къапщытэж пIалъэм кърихубыдэу лыхэкIыу къалэжьар тонн мин 24-м щIигъуащ, гъэшхэкIыр тонни 113-рэ хъуащ, зы джэдым хуэзэу джэдыкIэ 46,5-рэ кърахащ.

Ахэр псори я щыхьэтщ Бахъсэн щIыналъэм и Iэщ гъэхъун IэнатIэм зыужьыныгъэфIхэр зэригъуэт зэпытым, щыжаIащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

## ТехникэщIэхэм я фIыгъэкIэ

**2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм техникэщIэхэр я лэжьыгъэм жыджэру къыщагъэсэбэпащ. Псалъэм къыдэкIуэу, зэкIэ хъыбар щыIэмкIэ, илъэс блэкIам мэкъумэш IуэхущIапIэхэм трактору 121-рэ, гуэдз зэрыIуахыж комбайну 8, Iусыпхъэхэр зэрыIуахыж комбайну 2 къащэхуащ.**

АБЫХЭМ я гъусэу, нэгъуэщI мэкъумэш техникэхэщIэхэр: прицеп, къитхъ сыт хуэдэхэр нэхъыбэу къащэху, щыIэхэр зэрагъэпэщыж, зыхуей хуагъазэ.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ мэкъумэшыщIэхэм Iэмал яIэщ зэман куэд трамыгъэкIуадэу икIи кIэрыху щымыIэу гъавэр и чэзум кърахьэлIэжыну, жаIащ IэщIагъэлIхэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Зи цIэр жыжьэ Iуа

**● Фэеплъ**

**Тхыдэ щIэныгъэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ Мамбэт Хьэлым Хъызыр и къуэр (1925 - 2008) зи цIэр жыжьэ Iуа, щIэныгъэм и щыгу лъагэм нэсыфа адыгэ щIэныгъэлIхэм ящыщщ. Этнолог лъэщ, тхыдэдж IэкIуэлъакIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэм и къалэмыпэм къыпыкIащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я тхыдэр джыным хэлъхьэныгъэ ин хуэхъуа лэжьыгъэхэр. Абыхэм ягъуэтащ яхуэфащэ жылагъуэ, къэрал гулъытэ лъагэхэр. Зи щIэныгъэкъэхутэныгъэ зэфIэкIхэр ин икIи купщIафIэ адыгэ еджагъэшхуэр къызэралъхурэ иджыблагъэ илъэси 100 ирикъуащ.**



МАМБЭТ Хьэлым Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1925 гъэм и дыгъэгъазэм и 15-м къыщалъхуащ. Къуажэ школым и классибл нэужьым Хьэлым щеджащ Налшык дэт педучилищэм, иужькIэ къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым тхыдэмкIэ и факультетым.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэрэ фIыуэ илъагъу IэщIагъэрэ зэзыгъэгъуэта щIалэщIэм и гъуэгуанэр къыщIидзащ я жылэм дэт курыт школым тхыдэмкIэ и егъэджакIуэу. Куэд дэмыкIыу Хьэлым ягъэуВауэ щытащ еджапIэм и унафэщIу. И пщэрылъ къалэнхэр хъарзынэу зэфIигъэкIыу, и унафэм щIэтхэми, иригъаджэхэми, жылэми пщIэрэ щIыхьрэ щиIэу Мамбэтыр илъэс бжыгъэкIэ курыт школым щылэжьащ. АтIэми абы и гумрэ и псэмрэ хуеIэрт тхыдэ щIэныгъэм, псом хуэмыдэу, ди лъэпкъым и къекIуэкIыкIам ехьэлIахэм, нэхъри нэхъ куужу щыгъуазэ зыхуищIыну. А мурадыр и гъуэгугъэлъагъуэу Хьэлым зрипщытырт къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэм, студент илъэсхэм иублауэ щыта лэжьыгъэхэм пищэу.

1953 - 1955 гъэхэм Мамбэтым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Краснодар къэрал пединститутым и аспирантурэм. А илъэсхэм Хьэлым тхыдэр щригъэджащ Тимашевск, Геленджик къалэхэм дэт курыт школхэм. 1958 гъэм абы еджэным щыпищащ Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетым тхыдэмкIэ и факультетым и аспирантурэм. ЩIэныгъэ унэтIакIуэу иIахэм я гугъу щищIкIэ, Мамбэтым псом япэ я цIэ къриIуэрт а лъэхъэнэм егъэджакIуэу иIа еджагъэшхуэхэу Фадеев Анатолий, Къумыкъу Тыгъуэн, Гарданов Валентин сымэ.

Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм хуабжьу дахьэх хъуа Мамбэтыр 1960 гъэм ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. ЗэфIэкI ин зыбгъэдэлъу гу зылъата щIалэщIэр щIэныгъэ лэжьакIуэу къащтащ. Абы занщIэуи куууэ елэжьын щIидзащ лъэпкъ тхыдэм теухуа и къэхутэныгъэхэм. А зэманым ирихьэлIэу Хьэлым къиухакIэт Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетым и аспирантурэр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ар шэщIауэ елэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм ятеухуа и кандидат диссертацэм (щIэныгъэ унафэщIыр Фадеев Анатолийт). ИригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр лъабжьэ зыхуищIа лэжьыгъэр 1962 гъэм МКъУ-м и Диссертацэ Советым я пащхьэ ирихьащ Мамбэтым икIи ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIри, «тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат» цIэр къыфIащащ. Лъэпкъ Iуэхухэр дапщэщи зыгъэнэхъапэу дунейм тета щIэныгъэлI щыпкъэм и доктор диссертацэри а унэтIыныгъэм триухуауэ щытащ. «Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я псэукIэмрэ дуней еплъыкIэмрэ епха лъэпкъ щэнхабзэр» фIэщыгъэр зиIа а щIэныгъэ лэжьыгъэри щытхъуушхуэ пылъу 1972 гъэм щыпхигъэкIащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием ЭтнографиемкIэ и институтым. Апхуэдэу Мамбэтым къыфIащащ «тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор» цIэ лъагэр.

Еджагъэшхуэхэм къызэралъытэмкIэ, адыгэ тхыдэдж Iэзэм а лэжьыгъэмкIэ хузэфIэкIащ щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм я гъащIэр, ахэр зэлэжьу щытахэмрэ гупсысэу ябгъэдэлъамрэ нэсу зэфIигъэувэжын. ЩIэныгъэ лэжьыгъэ къызэрымыкIуэм Мамбэтым лъабжьэ хуищIащ илъэс куэдкIэ зыхэта къэхутэныгъэ зекIуэхэм, зэлэжьа архив дэфтэрхэм, щIиджыкIа литературэ тхыгъэхэм къарикIуахэр.

Апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ Мамбэтым. Абыхэм ящыщщ «Куба къуажэм и блэкIамрэ и нобэмрэ» (1968), «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ зыужьыныгъэм къуэш лъэпкъхэм къыхуащIа хэлъхьэныгъэр» (1984), «Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я лъэпкъ щэнхабзэхэр» (1994), нэгъуэщIхэри. Адыгэ щIэныгъэлI Iэзэм и гуащIэшхуэ хэлъащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и жэрдэмкIэ «ЩIэныгъэ» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр» (1967), «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр» (1988) тхылъхэр дунейм къызэрытехьами. Псори зэхэту къытрадзащ Мамбэт Хьэлым и къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэу 400-м щIигъу, монографиеу 20. Ахэр ятещIыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэ зыужьыныгъэмрэ.

ЖэуаплыныгъэшхуэрыI зыпылъ IэнатIэ куэд къызыхуэтыншэу, щытхъурэ фIыщIэрэ пылъу ирихьэкIащ Мамбэт Хьэлым. Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щIэныгъэ лэжьакIуэу къыщта щIалэщIэр куэд дэмыкIыу щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь ящIащ, иужькIэ, 1966 гъэм, КъБЩIКъИ-м ЭтнологиемкIэ и къудамэм и пашэ, институтым и унафэщIым щIэныгъэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэ къалэнхэр и пщэ къыдалъхьащ. 1977 гъэм къыщыщIэдзауэ 1985 гъэ пщIондэ Мамбэт Хьэлым КъБКъУ-м щылэжьащ Совет лъэхъэнэм и тхыдэмкIэ университетым и кафедрэм и унафэщIу. КъыкIэлъыкIуэ илъэсипщIым къриубыдэу еджагъэшхуэр щытащ КъБКъУ-м КъБР-м и тхыдэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу. 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ дунейм ехыжыху Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIэныгъэ центрым и нэIэ щIэту лажьэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу щытащ.

Сыт хуэдэ IэнатIэ Iутами, Мамбэт Хьэлым дапщэщи хущIэкъуащ и пщэрылъ къалэнхэр пэжу, къызыхуэтыншэу зэрызэфIихыным. ЦIыху гумызагъэр, зэхэщIыкI куурэ акъылышхуэрэ зыбгъэдэлъыр и Iуэху зехьэкIэкIэ куэдым щапхъэ яхуэхъуу щытащ. А псоми къэрал гулъытэ лъагэ ягъуэтащ: еджагъэшхуэм мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, къыфIащащ щIыхьыцIэ лъагэхэр.

Кавказым и тхыдэр джыным хуэщIа щIэныгъэ унэтIыныгъэм и зэхэублакIуэхэм, къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщащ Мамбэт Хьэлым. Еджагъэшхуэм и цIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм академическэ гуманитар щIэныгъэм, тхыдэ щIэныгъэм я зыужьыныгъэр. Абы и къалэмыпэм къыпыкIа лэжьыгъэхэр апхуэдэ къэхутэныгъэ куэдым къащхьэщокI дэфтэр лъабжьэ яIэу, тхыдэ пэжыр, щIэныгъэ куур я тегъэщIапIэу зэрыщытымкIэ.

Лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным хьэлэлу хуэлэжьа еджагъэшхуэр, кавказыдж цIэрыIуэхэм хуэфащэ дыдэу ноби халъытэ Мамбэт Хьэлым Хъызыр и къуэр фIыкIэ ягу къинащ къыдэлэжьахэм, иригъэджахэм, зыцIыхуу щытахэм ящыщ куэдым. Мамбэтым и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр джыным и хэлъхьэныгъэ къызэрымыкIуэ. Ахэр я гъуазэу мы зэманым а щIэныгъэ унэтIыныгъэр адэкIэ ягъэкIуатэ, нэхъри зрагъэужь иджырей тхыдэдж Iэзэхэм, къэхутакIуэ емызэшхэм.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр



**Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм щекIуэкIащ абы дэлажьэ Жылагъуэ советым 2025 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэр къыщапщытэжа, дызыхыхьа илъэсыщIэм зытрагъэщIэну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр щаубзыхуа зэIущIэ.**

АБЫ хэтащ Управленэм и унафэщIым жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ и къуэдзэ, полицэм и полковник Бекъалды Арсен.

Ар къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэр къызэднэкIа илъэсым полицэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэща профилактикэ акцэхэм, фэеплъ Iуэхухэм, рейдхэмрэ брифингхэмрэ жыджэру зэрыхэтар.

Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Сидорук Павел зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ 2025 гъэм зэфIаха лэжьыгъэхэм.

ЗэIущIэм щыхэплъащ 2026 гъэм советым и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу щытынухэм. Гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэу ягъэуващ гъэпцIакIуэхэм цIыхухэр щыхъумэным ехьэлIа профилактикэ Iуэхур, апхуэдэуи полицэм и лэжьакIуэхэм ящIыгъуу экстремизмэмрэ терроризмэмрэ теухуа псалъэмакъхэр щIалэгъуалэм ядегъэкIуэкIыныр.

Зэхуэсым и кIэухыу Бекъалды Арсен Жылагъуэ советым и Iуэхухэм жыджэру хэтхэм Урысей МВД-м и Налшык управленэм и унафэщIым къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылъхэр яритащ икIи адэкIи ехъулIэныгъэхэр фIэну , лэжьыгъэ купщIафIэхэр ирагъэкIуэкIыну зэригуапэр яжриIащ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**



# ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлът

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ - и ныбжьыр илъэс 74-м иту дунейм ехыжащ публицист, зэдзэкIакIуэ Iэзэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт Мизиев Къанщобий.**

Ар 1951 гъэм мазаем и 17-м Къэзахъстаным къыщалъхуащ. МКъУ-м Азиемрэ Африкэмрэ я къэралхэмкIэ и институтым тыркубзэмкIэ и къудамэр къиухащ. Абы лэжьэн щыщIидзащ Тырныауз дэт вольфраммолибден комбинатым. Мизиев Къанщобий и гъащIэр хуэгъэпсауэ щытащ и лъэпкъым хуэлэжьэным, абы и щэнхабзэм зегъэужьыным. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыхут ар, и лъэпкъым и хабзэмрэ и тхыдэмрэ кууэ щыгъуазэу. Абы и зэфIэкIыр, и щIыналъэм хуиIэ лъагъуныгъэр щынэрылъагъущ и тхыгъэхэм, зэдзэкIыгъэхэм, иригъэкIуэкIа жылагъуэ лэжьыгъэхэм.

Мизиев Къанщобий къыпхуэмылъытэн хэлъхьэныгъэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэр, щэнхабзэр цIэрыIуэ хъуным. Урыс классикхэм, иджырей тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкI зэридзэкIахэмкIэ щIэджыкIакIуэхэм щIэплъыпIэщIэхэр къахузэIуихащ, лъэпкъхэр зэпищIащ.

ЗэдзэкIакIуэ Iуэхум къаруушхуэ хилъхьащ Мизиевым. ТыркубзэкIэ абы зэридзэкIащ Тютчев Фёдор, Глинкэ Фёдор, Фет Афанасий, Бунин Иван, Брюсов Валерий, Есенин Сергей, Блок Александр, Ахматовэ Аннэ, Цветаевэ Маринэ, Пастернак Борис, Евтушенкэ Евгений, Рождественский Роберт сымэ я усыгъэхэр. Лермонтов Михаил къызэралъхурэ илъэси 185-рэ щрикъум ирихьэлIэу абы и «Смерть поэта» къыдэкIыгъуэр тыркубзэкIэ тхылъ щхьэхуэу дунейм къытригъэхьащ. Шэч хэмылъу, Къанщобий и ехъулIэныгъэшхуэщ Неждет А. и гъусэу, Пушкин Александр илъэс 200 щрикъум ирихьэлIэу, усакIуэшхуэм и «Евгений Онегин» усыгъэ-романыр зэрызэридзэкIар.

Илъэс куэдкIэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ купщIафIэм папщIэ, Мизиев Къанщобий дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ, абыхэм ящыщ зыщ Пушкин Александр и медалыр. Ар щытащ Тырку дунейпсо академием щIыхь зиIэ и академикыу, Кавказым щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ хьэрычэт щIэнымкIэ и жылагъуэ академием и академикыу.

## Дунейм щыхъыбархэр

### Хэхъуэхэр я мащIэкъым

**УФ-м и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Урысейм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Мантуров Денис. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ промышленностым щекIуэкI зыужьыныгъэхэм.**

ВИЦЕ-премьерым къыхигъэщащ къэрал IуэхущIапIэхэм инвестицэ Iэмалхэр я лэжьыгъэм нэхъыбэу къызэрыщагъэсэбэпыным зэрыхущIэкъур. 2025 гъэм и япэ мазибгъум а IэнатIэхэм я инвестицэ хэхъуэр процент 23-м нэсащ - сом триллиони 5-м нэблагъэ къахуихьащ. 2022 гъэм щегъэжьауэ ныбжьэгъугъэ зыхуаIэ къэралхэм хурагъашэ хьэпшыпхэм я куэдагъым процент 80-м нэблагъэкIэ хэхъуащ.

«Гулъытэ щхьэхуэ хуэтщIащ зыхъумэжыныгъэм и IуэхукIэ къэралым нэхъыщхьэу къытхуигъэува къалэнхэр гъэзэщIэным, - жиIащ Мантуровым. - Иджырей IэмалхэмкIэ гъэпса дзэ техникэщIэу миным щIигъу фронтым щагъэунэхуащ. Дзэ-техникэ зэдэлэжьэныгъэри йофIакIуэ - сом мелард 70 и уасэ зэгурыIуэныгъэр етщIылIащ ди IуэхущIэгъухэм».

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ ракетэ-хьэрш унэтIыныгъэм телажьэ IуэхущIапIэхэми хэхъуэ хъарзынэхэр зэраIэр. 2025 гъэм «Роскосмос»-м ракетэу 17 иутIыпщащ.

### Жэуап ягъуэтынущ

**«Украинэм IэщэкIэ зэщIэуэзэда и къарухэм Урысейм и цIыху мамырхэм яхуэгъэзауэ ялэжь дэтхэнэ щIэпхъаджагъэми Москва жэуап ткIийкIэ пэджэжынущ», - щыжиIащ УФ-м и лIыкIуэу ООН-м щыIэ Небензя Василий а зэгухьэныгъэм Шынагъуэншагъэмкlэ и советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм.**

АБЫ къызэрыхигъэщамкIэ, 2025 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм Украинэм IэщэкIэ зэщIэуэзэда и къарухэм я зэран екIащ къэралым и цIыху мамыру 367-м, абы щыщу 56-р хэкIуэдащ.

«Киев и унафэщIым зыкъищIэжу акъыл зыхэлъ зэгурыIуэныгъэхэр иригъэкIуэкIын щIидзэху, дэ а зэныкъуэкъум къиишэ гугъуехьхэр дзэ IэмалхэмкIэ зэфIэтхынущ», - жиIащ Небензя.

**ЩIышылэм и 15, *махуэку***

♦**Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетыр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**Википедием - ИнтернеткIэ къагъэсэбэп щIэнгъуазэм - лэжьэн щыщIидза махуэщ (2001 гъэм)**

♦**1890 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, композитор, IуэрыIуатэдж **Къубэ Шэбан**.

♦**1906 гъэм** къалъхуащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и комиссару щыта, Ленинным и цIэр зезыхьэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр зыхуагъэфэща **Хьэтыкъуей Iэбубэчыр**.

♦**1912 гъэм** къалъхуащ къэрал политикэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу 1957 - 1969 гъэхэм щыта **Ахъуэхъу Аслъэнбий**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ **БырмамытI Гуащэкъарэ**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, IуэрыIуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шэрджэс Алий**.

♦**1962 гъэм** къалъхуащ дин лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм ис муслъымэнхэм я зэзыгъэIу центрым и унафэщIхэм ящыщ, дунейпсо ислъам зэщIэхъееныгъэм и президент **ПщыхьэщIэ Шафихь**.

♦**1965 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корректор, «Голос Чегема» газетым жэуап зыхь и секретарь **Щоджэн Иннэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм зы градус, жэщым щIыIэр градуси 6 - 8 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 16, *мэрем***

♦**1922 гъэм** Балъкъэрыр Горскэ АССР-м къыхэкIащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр РСФСР-м хэту къэхъуащ.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м и ЛIыхъужь, СССР-м щIыхь зиIэ и кхъухьлъатэзехуэ-къэхутакIуэ **Мэзэхъу Владимир**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и член-корреспондент **Тембот Аслъэнбий**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, АР-м и цIыхубэ артист **ЛIыцIэрыIуэ Ким**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ **Къашыргъэ Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градус 1 - 2, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Пхъэ зыIущIым къуэщIий егъуэт.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр радиом и адыгэбзэ къудамэм и редактор нэхъыщхьэ **Тэтрокъуэ Астемыр Музэриф и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Лафыщ Маринэ Музэриф и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Нюр», «Солнышко», «Нур», «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Нюр» журналым и редактор **Боттаевэ Ритэ Ачан и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Кучменовэ Шанкэ Батырбэч и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

● Ди псэлъэгъухэр

АХЪМЭТ Амир:

# ЦІыхум уи сэбэп екІынырщ нэхъыщхьэр

***Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием Олимп джэгухэм хыхьэ тхэквондомкІэ (ВТФ) и гъэсэнхэм дунейпсо, урысейпсо утыкухэм нэгъабэ къыщагъэлъэгъуа ехъулІэныгъэхэм хуэдиз нэгъуэщІ лІэужьыгъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм яІакъым. Нэхъ гурыІуэгъуэ хъун щхьэкІэ - сэ мыбдежым зы цІыху щхьэхуэкъым зи гугъу щысщІыр, атІэ зы спорт лІэужьыгъуэмкІэ зы гупым хузэфІэкІаращ сызытепсэлъыхьыр.***

***Псалъэм къыдэкІуэу, тхэквондомкІэ республикэм и спортсменхэм нэгъабэ къахьащ, УФ-м щыяпэу, Сурдлимп джэгухэр (тэмэму зэхэзымых спортсменхэм я олимпиадэ), дунейпсо чемпионатым и дыжьын, Европэм и дыщэ медалхэр, цІыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр, Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтІа зэхьэзэхуэхэр, УФ-м и чемпионатымрэ Кубокымрэ, адрей дунейпсо, европей зэІущІэшхуэхэм щаІа ехъулІэныгъэхэр хэмыту.***

***Абыхэми нэгъуэщІхэми тедгъэпсэлъыхьыну нобэ зыхуэдгъэзащ а псоми зи гуащІэ хэлъ, «Пять колец» спорт академием и унафэщІ, УФ-м щІыхь зиІэ и тренер, КъБР-м и Парламентым и депутат Ахъмэт Амир икІи ди упщІэхэм гуапэу жэуапхэр къаритыжащ.***

**- Амир, нэгъабэ дызыщыгуфІыкІа фи ехъулІэныгъэ псори къыпхузэщІэмыкъуэжми, нэхъыщхьэхэм ди щІэджыкІакІуэхэр щыгъуазэ пщІамэ арат.**

- Псом япэу жысІэну сызыхуейращи, илъэс блэкІам лэжьыгъэшхуэ едгъэкІуэкІащ. Абы кърикІуэу, щхьэхуэу зы ныбжь хэхам ехьэлІа мыхъуу, атІэ нэхъыщІэхэми, щІалэгъуалэми, балигъхэми папщІэ екІуэкІа дунейпсо, Европэ зэхьэзэхуэхэм ехъулІэныгъэфІхэр щыдиІащ. Зэрыфщ1Іэщи, Сурдлимпиадэми дыщытекІуащ.

Къапщтэмэ, Урысей Федерацэм СпортымкІэ и министерствэм иІэщ япэ ирагъэщ, нормативхэр, спорт квалификацэхэр зэрат зэхьэзэхуэхэр. Япэ итыр балигъхэр зыхэт Олимп джэгухэмрэ дунейпсо, европей чемпионатхэмрэщ. НыбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ абыхэм хуагъэхьэзыру къалъытэу арахщ.

А министерствэм и мардэ дыдэхэр къатщтэмэ, тэмэму зэхэзымых спортсменхэм я олимпиадэм япэ увыпІэр къыщытхьащ, дунейпсо чемпионатми етІуанэ дыщыхъуащ, Европэми и дыщэ медаль диІащ.

МыдэкІэ, щІалэгъуалэм я деж лъэщу зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэзанш Къасболэтрэ Тхьэмокъуэ Элинэрэ. Абыхэм Европэм пашэныгъэр къыщахьащ. 2024 гъэм Элинэ дунейпсо зэхьэзэхуэми призер щыхъуащ. НэгъуэщІ ехъулІэныгъэ хьарзынэхэри щыІэщ.

Мис ахэр псори зэхэтлъхьэжрэ зэуэ дриплъэжмэ, абыхэм я инагъымрэ абыхэм дынэсын щхьэкІэ къарурэ лэжьыгъэу тедгъэкІуэдар зыхуэдизымрэ жыпІэми, спортым хэзымыщІыкІхэм къагурымыІуэнкІэ хъунущ. Ауэ егъэлеяуэ лэжьыгъэшхуэщ ар.

Уигури уи псэри хэплъхьэу, жэщмахуэ уимыІэу а ІэнатІэм убгъэдэтын хуейщ, узыхэт Іуэхум ихъуреягъкІэ къыщекІуэкІыу хъуами фІыуэ ущымыгъуазэу хъунукъым. Уи лэжьыгъэм ІэщІагъэлІым хуэдэу убгъэдэмыхьэмэ, спортсменым и гурыгъу-гурыщІэхэм нэсу хыумыщІыкІмэ, абы уримыпсэумэ, ар чемпион зэрыпщІыным яужь уимытмэ, дунейпсо утыкушхуэхэм ехъулІэныгъэхэр ущиІэнукъым.

Тренерым и пщІэр дапхуэдэу къызэралъытэр? Сэ сытренерыфІщ жыпІэу уи бгъэм утеуІуэжыным мыхьэнэ иІэкъым. Уэ узищІысыр къызэращІэр узыдэлажьэ сабийхэмрэ абыхэм къагъэлъагъуэ ехъулІэныгъэхэмкІэщ.

Балигъхэм я чемпионату Китайм нэгъабэ щекІуэкІам УФ-м и командэ къыхэхам хэту щыІащ ди гъэсэнхэу Бекъул Миланэрэ Багъ Идаррэ. Япэм къэмыхъуауэ, егъэлеяуэ къэрал куэдым - 182-м - я командэхэр щыІащ а зэхьэзэхуэм. Абы и инагъыр зыхуэдизыр къыщыпщІэр уэ езым ар щыплъагъум дежщ. Уеблэмэ сымыцІыху, зэи сымылъэгъуа ныпхэр къыщыспэщІэхуэ къэхъурти, интернеткІэ зэхэзгъэкІыу арат хэт дэнэ щыщми...

Къэбгъэлъагъуэмэ, тхэквондом цІыхушхуэ къыщызэщІеубыдэ дуней псом. ГъэщІэгъуэнкъэ мы бжыгъэр - цІыху мелуан 80-м щІигъум а спорт лІэужьыгъуэм зыхуагъэсэ нобэкІэ! Апхуэдиз къэрал зыхэт зэхьэзэхуэм ущытекІуэныр икъукІэ гугъущ. Езы спортсменми къаруушхуэ, лэжьыгъэшхуэ ирихьэлІэу, гугъуехьхэм щымышынэу щытын хуейщ чемпион хъун щхьэкІэ.

Чемпион нэсым и хьэл-щэну хъуар зыхэлъ спортсменымрэ абы хуэфащэ тренер, спортым хьэщыкъ хуэхъуауэ, къыкъуэкІыу а тІур зэрихьэлІэрэ я акъыл зэтехуэмэ - итІанэ ехъулІэныгъэ лъагэхэр щыІэнущ. Иджыри зэ жызоІэри, икъукІэ лэжьыгъэшхуэщ ар.

МыдэкІэ, Сатушы Мадинэ къэтщтэнщи, Урысей псом щыщу а зыращ олимпиадэм ягъэкІуар нэгъабэ. Абы ипэкІи дыхэтын хуеящ дэ абы, ауэ ди къэралым къращІылІа дэкъузэныгъэхэм къыхэкІкІэ ар блэдмыгъэкІыу хъуакъым, ди жагъуэ зэрыхъущи. Иджы, иужьрей илъэсиийм къриубыдэу, УФ-м щыщ спортсмен япэу кІуауэ арат а джэгухэми, Мадинэщ а щІыхьыр зыхуагъэфэщар, абы и ехъулІэныгъэхэмрэ зэфІэкІхэмрэ къалъытэу. ДызыщыгуфІыкІщи, кърагъэза дзыхьыр игъэпэжу дыщэ медаль къиихьри, ди къэралым и щІыхьыр лъагэу иІэтащ.



Ахъмэт Амир

**- Тренерым и деж къакІуэ цІыкІухэм ящыщу чемпион хэт хъуфынуми дауэ къызэрищІэр, абы Іэмал гуэрхэр иІэ?**

- Абы щхьэкІэ зэман гуэр дэкІын хуейщ: уи ІэнатІэм уздыпэрытым, лэжьыгъэм и пІалъэм нэхъ кууэ хэпщІыкІыу уохъу. Тренерым щІэмычэу зиужьу, и щІэныгъэм хигъахъуэу щымыту хъунукъым. Апхуэдэурэщ япэм къыбгурымыІуэу щытахэм хуэм-хуэмурэ щыгъуазэ узэрыхъур.

ЗэрыфщІэщи, спортыр тІууэ егуэш. Япэр, ар сабий-цІыхубэ спорт жыхуэтІэрщ. Іэмал имыІэу ар щыІэн хуейщ. Физкультурэр - ар узыншагъэщ, абы къыдэкІуэу, гъэсэныгъэщ. ПсэкІи ІэпкълъэпкъкІи узыншэ цІыхухэм яхэту къэгъэхъупхъэщ сабийр: хьэл-щэн дахэ хэлъу, ныбжьэгъур зищІысыр, цІыху хэтыкІэ, гъуэгу тетыкІэ ищІэу.

НыбжьыщІэ цІыкІум дежкІэ егъэлеяуэ институтышхуэщ ар. Адэанэми я жагъуэ ящІынкъым ауэ, абыхэм я закъуэкІи сабийр гъэса хъуркъым. Пэжщ, тренерым и закъуи ар зэрыхуэмыгъэсэнур гурыІуэгъуэщ, ауэ лъэныкъуитІри зэгурыІуэу, зэгъусэу зэдэлажьэмэ, Іуэхур кІуэтэнущ.

Сабийр зэхьэзэхуэхэм бгъэкІуэным гугъуехьхэр пыщІащ. Куэдым къохьэлъэкІ абы текІуадэ ахъшэр, ар мащІэкъыми. Ауэ, апхуэдэу щыхъукІи, ныбжьыщІэр спортым зэрыхэтам мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ иІэу къыщІэкІыжынкІи хъунущ. Чемпион мыхъуами, олимпиадэр къимыхьами, игъуэта гъэсэныгъэр, цІыху хэтыкІэ къызэрищІар, хьэл-щэн зыхилъхьар сэбэпышхуэ къыщыхуэхъужынущ и гъащІэм.

Сэ сиІэщ гъэсэн куэд, спортым и лъагапІэ инхэр къахуэмыщтами, цІыху нэс къищІыкІауэ: лэжьыгъэ хьарзынэхэр яІэу, еджапІэфІхэм щІэсу, дуней тетыкІэ ящІэу. Абыхэм ящыгъупщэркъым ди деж щІаха гъэсэныгъэмрэ щагъуэта гулъытэмрэ. ДахуэзэхукІэ къыджаІэ ар. Аращи, ехъулІэныгъэшхуэхэр спортым щамыІами, абы зэрыхэтам и сэбэпынагъ куэд йокІ абыхэм. Ауэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи, физкультурэмрэ цІыхубэ спортымрэ зегъэужьыныр - ар къэрал узыншэм и шэсыпІэщ. Аращ ди Хэкум абы зэпымыууэ гулъытэ щІыщыхуащІри.

Мыдрейуэ, спортым и етІуанэ Іыхьэр - ар лъагапІэшхуэхэр зи плъапІэ спорт жыхуэтІэращ. Ари философие псо мэхъу, ауэ ар къыхэзыхыр езы спортсменращ. Уэ ар пхухэгъэзыхьынукъым. Ауэ щыцІыкІум деж, баштекъузэ тІэкІуи хэлъу зебгъэгъасэмэ, адэ-анэм я жыІэм щІэту, залым ешэлІамэ нэхъыфІщ, телефонымкІэ джэгуу, компьютерым бгъэдэсу унэм къыщІэбнэ нэхърэ. Хуей-хуэмейми, залым гъэкІуэн, гъэлэжьэн хуейщ, зыгуэрым дихьэхын щхьэкІэ.

Мыдрей щІалэщІэ къыдэкІуэтеяхэм езыхэм къыхахыж спортым адэкІэ хэтынрэ нэгъуэщІ гъуэгу техьэнрэ. Сэ седжэнущ, щІэныгъэ зэзгъэгъуэтынущ, жызыІэм упэрыуэ хъунукъым, ар езым къыхихащи. Балигъ хъуа иужь зэрыпсэун ІэнатІэ иІэн хуейщ абы. Армыхъумэ, зыми щымыщу къэнэнкІэ шынагъуэ щыІэщ. Ауэ спортым хэзагъэмэ, зэфІэкІыфІхэр къигъэлъагъуэмэ, ари ІэщІэбуд хъунукъым, Іэмал куэд къыхукъуэкІынущи.

Къэтщтэнщи, Бекъул Миланэрэ Багъ Идаррэ къахьым хуэдиз балигъ куэдым къахуэлэжьыркъым иджыпсту. Идар Европэм и чемпион нэгъабэ хъуащ. АтІэ, къэралым ахэр зыхуей-зыхуэфІу псомкІи нобэ къызэрегъэпэщ, улахуэшхуэхэр, ахъшэ саугъэтхэр къахь, УФ-м и Президентым и стипендиер кърат, я ехъулІэныгъэхэм ятещІыхьауэ, нэгъуэщІхэри.



Багъ Идар, Сатушы Мадинэ, Ахъмэт Амир, Бекъул Миланэ *(зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу).*

Сатушы Мадинэ олимпиадэм щыІат Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ я щІыхьыр ихъумэуи, ди деж имызакъуэу, ди гъунэгъу республикэми хуабжьу къыщагъэфІащ ди пщащэ цІыкІур. Абы нэмыщІ, си гуапэу къыхэзгъэщынщи, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и гулъытэ зэи дыщигъащІэркъым. Псалъэм папщІэ, нэгъабэ илъэсым и кІэ махуэхэм дригъэблагъэри, къыдэпсэлъащ.

**- Ди спортсменхэм нэгъабэ къагъэлъэгъуа зэфІэкІхэр дауэ къащыхъуа Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренерхэм?**

- Къэралым тхэквондомкІэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Иванов Владимир пщІэшхуэ къытхуищІащ икІи къыхигъэщащ ди спортсменхэм ехъулІэныгъэфІ дыдэхэр къызэрагъэлъэгъуар, апхуэдэуи, псалъэ къудей мыхъуу, къысхуигъэлъэгъуащ олимпиадэм зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм къриубыдэу балигъхэм я деж тренеру сыщигъэлэжьэну. Ауэ, дызэчэнджэща нэужь, зэрыщытым хуэдэу къэдгъэнэжащ Іуэхур.

Дауи, си дежкІэ нэхъ тынш УФ-м и командэ къыхэхам сыкІуэу абы сыщыІатэмэ, си хэхъуэкІи нэгъуэщІхэмкІи си Іуэхур нэхъ къикІынут, ауэ си зэранкІэ мы си командэр лъэлъэжынкІэ шынагъуэ щыІэщ. СпортсменыфІ, командэфІ зэтедгъэувамкІэ си гур тІэкІу никъуэнущ итІанэ. Сэ абы сыхуейкъым.

Бекъул Миланэ къызощтэри, мы гъэм дунейпсо зэІущІэу 12-м хэтын хуейуэ къыпэщылъщ абы. 2026 гъэм, зэрыфщІэщи, олимпиадэм къызэрыхах рейтингхэр куэду ирагъэкІуэкІынущ. Миланэ иджыпсту дунейпсо рейтингым етІуанэ увыпІэр щиІыгъщ. Ар егъэлеяуэ ехъулІэныгъэшхуэщ, ауэ мы гъэм ар зыІэщІэдгъэкІмэ, дыкъекІуэтэхынущ. Мис апхуэдэ къэмыхъун щхьэкІэ, лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ.

Алыхьым и шыкуркІэ, ди тренерхэр хьарзынэу мэлажьэ. Къапщтэмэ, Унэжокъуэ Абдельджэбар игури и псэри етауэ сабийхэм яхэтщ, залым махуэ къэс щІэтщ, и гъэсэн ныбжьыщІэхэми ехъулІэныгъэфІхэр къагъэлъагъуэ зэпытщ. Ауэ а лэжьэкІэ зэтедухуам къыхэдгъахъуэурэ декІуэкІмэ, щІэблэми нэхъ псынщІэу заужьынущ. Уеблэмэ иджыпсту диІэ балигъхэм нэхърэ нэхъ лъэщыжи тхуэщІынущ.

Аращи, цІыхум езым и дежкІэ нэхъыфІ-нэхъ Іейм Іуэхур трищІыхь зэпыту щыт хъунукъым, атІэ мыпхуэдиз лэжьыгъэ къетхьэжьар и кІэм нэгъэса хъун папщІэ, зыгуэрхэм зыхэбгъэнын хуей мэхъу. Командэ зэтедгъэувар япэ игъэщыпхъэщ, къытщыгугъыу ди деж къакІуэ апхуэдиз сабийр утыку къиднэну сфІэтэмэмкъым.

**- Нэгъабэрей ехъулІэныгъэхэм къыпащэн, ахэр зэкІэлъхьэужь хъун папщІэ сыт щІапхъэр?**

- Нэхъыбэжу лэжьэн хуейуэ арахщ. ЕхъулІэныгъэр - ар гъэунэхупІэщ. ЩыІэщ, зыгуэр зыхузэфІэкІа спортсменым, сом гуэр къыІэрыхьэ, и Іуэхур нэхъыфІ хъуауэ къыщыщыхъум деж зыщыщІригъэх, зигъэсэныр Іэпэдэгъэлэл щищІ. Ауэ, ехъулІэныгъэхэм щхьэкІэ къэмыувыІэу, нэхъ лъэщыж хъухэри яхэтщ абыхэм.

ИтІанэ, ди командэм и зэфІэкІыр къэралым и дэнэ щІыпІэкІи къыщацІыхури, сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ дыкІуами, ди хьэрхуэрэгъухэр нэхъ ерыщу дэ къытпэщІэтщ: мыхэр УФ-м и командэ нэхъыфІхэм ящыщщ, жыхуаІэу. Ди спортсменхэм нэхъ гуащІэу къапэщІоувэ, жыпІэнурамэ - хэхауэ зыкъытхуагъэхьэзыр. Ари тэмэмщ, апхуэдэуи щытын хуейщ. Дэ абы нэхъ лъэщ дищІыну фІэкІа, ди зэран къыхэкІынукъым.

Иджыпсту ди деж зыщызыгъасэ цІыкІухэми зэчиифІэ куэд яхэтщ. Ауэ, дапщэщи жызоІэри - мыбдежым, псори нэхъыбэу зэлъытар икІи нэхъыщхьэу щытыр тренерырщ. Спортсменыр лъэщ хъунущ, тренерым абы бгъэдыхьэкІэ къыхуигъуэтмэ. Псоми къежьапІэ хуэхъур арахщ.

Сэ сфІэфІкъым тренерыр щытхьэусыхэм деж: мори хъуркъым, мыбыи зыри къыхэкІынукъым, жиІэу. Абы дэтхэнэ зы сабийми фІы гуэр хилъэгъуэн хуейщ. НыбжьыщІэм зыкъызэкъуихыфынущ, тэмэму удэлажьэу щытмэ. Уи сабийм зимыужьмэ, ехъулІэныгъэ имыІэмэ, япэрауэ, уи къуаншагъэ абы зэрыхэлъыр къэплъытэжыфын хуейщ, угъэсакІуэ щыпкъэмэ. Псори зэпэплъытыпхъэщ, апхуэдэу Іуэхур щІэхъур зэхэбгъэкІын, уи щыуагъэр къэбгъуэтыжын папщІэ: пхуегъэщІэну хъуар гурыбгъэІуа хьэмэрэ зыгуэр пІэщІэкІа? Сабийр бгъэкъуаншэу, ихъуреягъкІэ псори мыхьэнэншэу къыщІебгъэдзу утІысыж хъунукъым.

Апхуэдэущ сэ Іуэхум сызэрыбгъэдыхьэр. Бекъул Миланэ иджы здэщыІа чемпионатыр къэсщтэнщи, финалым абы къыщытекІуа, Тыркум и спортсменкэр мазитІ ипэкІэ Болгарием щекІуэкІа къызэрыхах зэхьэзэхуэм щыхигъэщІауэ щытащ. Уеблэмэ зэІущІэм хухаха зэманыр и кІэм нимыгъэсу. Мыбдежым къыщытекІуащ.

Апхуэдэм деж спортсменыр занщІэу бгъэкъуаншэ хъунукъым, укІий-угуокІи Іуэхур зэфІэкІыркъым. ЯпэщІыкІэ, уи лэжьыгъэр къыбопщытэж и пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэсыху. СымыщІэу зыгуэрхэр жесІа, хьэмэрэ зэрызэуэну къыхухэсха тактикэр мытэмэму къыщІэкІа - хэт ищІэрэ, псори зэхузогъэкІуэж, сроплъэж. Зэрызыдгъэхьэзыра псоми лъэбакъуэ зырызурэ сроплъэж: зыщІыпІэ деж нэхъ сыщыщэбэІуа е щытезкъузэІуа, абыхэм я зэран езгъэкІа, жыхуэсІэу. ИужькІэ, си лэжьыгъэм щыуагъэ къыщызмыгъуэтамэ, спортсменым ар изогъэлъагъу икІи жызоІэ: мис мыбдежым, псалъэм папщІэ, зэрыбжесІам хуэдэу пщІамэ е къыпхухэсха тактикэм утемыкІамэ, утекІуэнут.

Тренерым и лэжьэкІэр, бгъэдэлъ щІэныгъэр зыхуэдэр щІэх-щІэхыурэ къипщытэжу щытын хуейщ. Псалъэм папщІэ, зэхьэзэхуэм дежьэным тхьэмахуитІ иІэжу, спортсменыр зытетын хуей мардэхэр зэхызогъэувэ, сыхьэт къэс ищІэну хъуар тхауэ иту. Абы нэмыщІ, ипэм сиІа лэжьыгъэхэм сыхоплъэж: мыбы щыгъуэ мыпхуэдэу тщІыри дытекІуащи, ар къэдгъэнэжынщ, мыдрейм щыгъуэ нэгъуэщІу тщІыри, дыкъыхагъэщІащи, щІэ гуэр хэтлъхьэнщ е зэтхъуэкІынщ, жыхуэсІэу.

Спортсмен балигъхэм уадэлэжьэным икъукІэ зэманышхуэ токІуадэ. Япэрауэ, щІалэгъуалэм я зэхьэзэхуэхэм зэрызыхуэбгъэхьэзырымрэ мыдрейхэм еймрэ фІыуэ зэщхьэщокІ, къаруэ трагъэкІуадэри зэхуэдэкъым. ЩІалэхэм, езэшауэ щытми, псынщІэ дыдэу зыщІагъэпсэхуэжыф, удын гуэр ягъуэтами зэтоувэжыф. Балигъым и ІэпкълъэпкъкІэ зэхьэзэхуэм къыхих фэбжьыр нэхъ хьэлъэщ икІи нэхъ гугъуу мэкІыж. Абы къыхэкІыу, практикэ къудей мыхъуу, щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ убгъэдыхьэн хуейщ абы и Іуэхум: медицинэ, фармакологие, реабилитацэ жыпІэн, куэд мэхъу ар.

Зэхьэзэхуэхэм я зэхуакухэм къыдэхуэ зэманым абы и узыншагъэм уелэжьын, зыхуеину хущхъуэхэр къыщыхуэбгъуэтын хуей мэхъу, нэгъуэщІ куэди уи пщэм къыдохуэ. Дзэ къулыкъу, еджапІэ жыпІэми, уи нэІэ зытетын Іэджи къыхукъуокІ спортсменым. Абы и Іуэхухэр дэбгъэкІыу удэмыІэпыкъуфмэ, спортсмен балигъыр пхуэІыгъынукъым.

**- Сэ чемпион сыхъунущ жызыІэу фи деж къакІуэ цІыкІухэм сыт яжепІэнт?**

- Япэрауэ, Іэмал имыІэу, гугъуехьыр зищІысыр зыхащІэн хуейщ. Абы нэхъ губзыгъи, зэпІэзэрыти, къаруфІи ищІыну фІэкІа, и зэран къекІынукъым. Хьэл-щэн дахэ хилъхьэнущ, и дуней еплъыкІэми зригъэхъуэжынущ спортым.

Япэм, зэрыфщІэщи, къуажэдэсхэр пщІэнтІэпсыр къекІуэу къарукІэ лажьэу щытащ, я сабийхэми къалэн нэхъыбэ я пщэ къыдэхуэрт: унэм-пщІантІэм щыІэбэрт, хадэм, губгъуэм щылажьэхэрт икІи Іуэхухэм ахэр япсыхьырт. Иджыри арахщ - апхуэдэ цІыкІухэм я Іуэху еплъыкІэри, дуней тетыкІэри къащхьэщокІ зэи гугъу емыхьа цІынэ цІыкІухэм. Иужьрейхэм я нэхъыбэм хабзэми, нэмысми, гъэсэныгъэми хащІыкІышхуэ щымыІэу мэхъу, сщІэркъым ар къызыхэкІыр...

Спортыр гуащІэдэкІым и пІэм иувэу дунейр нэгъуэщІ хъуауэ жысІэу аракъым. Ауэ, дауэ хъуми, тренер тэмэм щыІэмэ, Іэмал имыІэу сабийр спортым етын хуейщ, гугъу ехьу, хьэл-щэн зыхилъхьэу, и чэзум гъуэлъыжрэ хэмыжаеу къэтэджу, зэхьэзэхуэхэм ежьамэ - гъуэгу тетыкІэрэ цІыху хэтыкІэрэ ищІэу къэхъун щхьэкІэ.

Нэхъыщхьэращи, сабийм езым плъапІэ гуэр иІэн хуейщ. Сэ чемпион сыхъунущ жиІэу, къалэн зыщимыщІыжу щытмэ, тренировкэхэми дахьэхынукъым. Къэхъуну псор зыщІэр Алыхьырщ, ауэ, сэ спортсмен лъэщ сыхъунущ, ди къэралым и ныпыр си цІэкІэ езгъэІэтынущ, Европэм, дуней псом сыщытекІуэнущ, жиІэу, апхуэдэ гушхуэныгъэхэр хэлъмэ, абы фІыкІэ ущыгугъ хъунущ.

**- Амир, уи гъащІэм щынэхъыщхьэр, мыхьэнэ нэхъыбэу зэптыр сыт?**

- А упщІэм зы псалъэ-псалъитІкІэ жэуап пхуетынукъым, ауэ мыхьэнэ нэхъыбэ зэстыр цІыхум сэбэп сыхуэхъунырщ, сыт и лъэныкъуэкІи. Уи щхьэ закъуэ уи Іуэху зепхуэжу упсэуныр зыми щыщкъым, уи сэбэпынагъ цІыхум, жылэм иумыгъэкІмэ. НэгъуэщІу дунейм узэрытетынур къызгурыІуэркъым.

**- Спортым нэгъабэ къыщыфхьа ехъулІэныгъэхэм къадэкІуэу, спорткомплекс ехьэжьарэ хьэщІэщ зэпэщри къызэІуфхыфащ. Абыи укъытхутепсэлъыхьамэ арат.**

- А жэрдэмыр къыхэзылъхьар сэращ. АбыкІэ Къаздэхъу Альберт сыдэгуашэри, къыздиІыгъащ. Альберт, щІалэгъуалэр спортым къедгъэшалІэ, ахэр зэгурыІуэу, зэрыгъэпэжу, къаруфІэу, узыншэу къэхъун папщІэ, щыжесІэм, ди Іуэху еплъыкІэхэр зэтехуэри, абы лэжьыгъэшхуэрэ мылъкушхуэрэ къыхилъхьащ. Езыхэм хуэдэ ныбжьыщІэхэм щапхъэ дахэ езыгъэлъагъуфын, гъуазэ яхуэхъун щІэблэ къытщІэмыхъуэмэ, ди гъащІэр зыми и пэрмэнкъым, жытІэу дегупсысауэ арахщ.

Ди щхьэ закъуэ, ди бжэІупэ, пщІантІэ, унэ кІуэцІхэр зыхуей тхухуэгъэзэнущ, ауэ, къэрал гупсысэ хэлъу, республикэм сэбэп дыхуэхъун мурадкІэ, духуащ мыр икІи ди хъуэпсапІэщ комплексым къекІуалІэ цІыкІухэр псори хэкупсэу щытыну.

Хэкупсагъэм къыщыщІедзэ, уи унэм, лъапсэм, къуажэм, къалэм икІи зыщеубгъу республикэмрэ къэралымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр цІэрыІуэ иритщІу, ди деж къакІуэ хьэщІэхэм ди хабзэ дахэхэр едгъэлъагъуу, я деж ягъэзэжрэ ди цІэр фІыкІэ ягъэІуу, цІыху нэхъыбэж ди деж къакІуэу, апхуэдэу хъуфынущ мы комплексыр.

Иджыпсту УФ-м и адрей щІыналъэхэм я командэ куэд къокІуэ мыбы, ауэ мы гъэм къыщыщІэдзауэ хамэ къэралхэм щыщхэри къытхуеблэгъэнущ. Ар хэтщ зэхэдгъэува планым. Спортыр къэдгъэсэбэпу, республикэм и щэнхабзэр, туризмэр, щІыпІэ дахэхэр хэІущІыІу пхуэщІынущ мыпхуэдэ ухуэныгъэхэмкІэ.

**- Сыт хуэдэ зэхьэзэхуэхэр щебгъэкІуэкІ хъуну иджыпсту мы комплексым?**

- Спорт бэнэкІэ лІэужьыгъуэу щыІэу хъуамкІэ зэхьэзэхуэ нэхъ лъэщ дыдэхэр щызэхэпшэ хъунущ. Абы щхьэкІэ дызыхуеину псори щыІэщ. Иджыблагъэ ди деж щыхьэщІат спортсмен цІэрыІуэ Махачев Ислъам, Олимп джэгухэм я чемпион Мудрэн Беслъэн сыми, абыхэм жаІащ къэрал куэдым мыпхуэдэ ухуэныгъэ зэпэщхэр зэрамыІэр, уеблэмэ дыдейр зэрефІэкІыр.

**- Амир, 2026 гъэм дыхыхьа къудейщ. Ди цІыхухэм сыт хуэдэ псалъэкІэ захуэбгъэзэнт?**

- Япэрауэ, сэбэп дызэхуэхъужу, зыр адрейм дыдэІэпыкъуу, ди республикэр фІыуэ тлъагъуу дыщытын хуейщ.

Ди лэжьыгъэр зытеухуар щІэблэм зегъэузэщІынращи, хамэ сабий щыІэкъым. Спортым имызакъуэу, сыт хуэдэ унэтІыныгъэ ирехъуи, абыхэм щаІэ ехъулІэныгъэхэм дыщыгуфІыкІыфу, дригушхуэу, дэнэ щІыпІэкІи я цІэр фІыкІэ щыдгъэІуу щытмэ, ар нэхъ сфІэтэмэмщ. Абы щхьэкІэ, зэгурыІуэныгъэ дяку дэлъын хуейщ псом япэу.

Иджыпсту ди къэралым дэкъузэныгъэхэр кърагъэлІалІащ, ихъуреягъкІэ къыщоныкъуэкъури, абыхэм тхьэ тІийуэ япэщІэтщ икІи ди Хэкур нэхъри нэхъ лъэщ зэрыхъунум, дзэ Іуэху хэхам щызыхуигъэувыжа мурадхэм зэралъэІэсынум шэч къытесхьэркъым.

Спортыр къызощтэри, дыщІэгушхуэн текІуэныгъэ куэд ди щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къахьыну сохъуэхъу.

*Епсэлъар*
**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

● КІэщІу

## ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ папщІэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым спорт федерацэу 58-рэ иджыпсту щолажьэ: абыхэм ящыщу 20-р Олимп джэгухэм хыхьэ лІэужьыгъуэхэм, 37-р Олимп джэгухэм хэмыхьэ лІэужьыгъуэхэм, 1-р зи Іэпкълъэпкъым сэкъат иІэхэм папщІэ.**

ФЕДЕРАЦЭХЭМ я къалэн нэхъыщхьэр физкультурэмрэ спортымрэ щІыналъэм зыщегъэужьынымрэ щІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ абыхэм дегъэхьэхынымрэщ. НобэкІэ, республикэм и спорт еджапІэ 47-м, КъБР-м и командэ къыхэхам хэтхэр щагъэхьэзыр центрым, «Спартак-Налшык» футбол клубым зэгъусэу спорт лІэужьыгъуэу 38-м цІыху мин 27-м щІигъу щыхуагъасэ.

Зи Іэпкълъэпкъым сэкъат иІэхэм папщІэ, КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм и нэІэ щІэту спорт-адаптивнэ еджапІэ Налшык къалэм щолажьэ.

## Гулъытэр ягъэкІащхъэркъым

**2025 гъэм «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщІащ «Унагъуэм зыщІэгъэкъуэн», «Унагъуэшхуэ», «Нэхъыжьхэр» щІыналъэ проектхэр икІи псори зэхэту сом мелуан 590-м щІигъу абыхэм трагъэкІуэдащ.**

ПСАЛЪЭМ къыдэкІуэу, республикэм и сабий мин 18-м щІигъум зэ тыгъуэу пособиехэр иратащ, псори зэхэту сом мелуан 202-м щІигъу. КъищынэмыщІауэ, ар компенсацэу щытми, е зэ тыгъуэ, е мазэ пособиехэми дэІэпыкъуныгъэ зэхуэмыдэу 14 ди щІыналъэм нобэ щолажьэ. Нэгъабэ абыхэм къызэщІрагъэубыдащ унагъуэу мини 103-м щІигъу икІи псори зэхэту сом мелард 29,5-м щІигъу Іэрагъэхьащ абыхэм.

Унагъуэшхуэхэми ират дэІэпыкъуныгъэхэми къахэхъуэ зэпытщ. Абы нэмыщІ, бжыгъэ лъабжьэ зиІэ социальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ социальнэ зэгурыІуэныгъэхэмрэ я Іэмалхэр лэжьыгъэм къыхашэным пащэнущ.

## Иджырей мардэм хуэкІуэ еджапІэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ ІэнатІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ пэхуэщІэшхуэхэр 2025 гъэм щагъэзэщІащ ди республикэм. ЖыпІэнурамэ, «ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ щІыналъэм и курыт еджапІэу 15 къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ нэгъабэ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭ нэхъ инхэр щекІуэкІар Налшык къалэрщ. Мыбы, зэрагъэпэщыжа нэужь, школи 6 къыщызэІуахыжащ, псоми зэхэту еджакІуэ тІысыпІэу 4900-рэ яІэу.

Абыхэм нэмыщІ, зыхуей хуагъэзащ Шэрэдж районым и школищ, Прохладнэ щІыналъэмрэ Прохладнэ къалэмрэ я тІурытІ, Бахъсэн, Тэрч къалэхэм я зырыз.

Апхуэдэ лэжьыгъэ екІуэкІахэм я фІыгъэкІэ республикэм и сабий 10.500-м щІигъум Іэмал ягъуэтащ я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпІэмрэ къыщызэгъэпэща, иджырей мардэм хуэкІуэ школ зэпэщхэм щеджэну.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.**

# Дзюдом зыхуагъасэ

**Урысейм щІыхь зиІэ и тренер, спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 2004 гъэм Алыджым щекІуэкІа Олимп джэгухэм жэз медалыр, 2003, 2004 гъэхэм Европэм жэзымрэ дыжьынымрэ къыщызыхьа, УФ-м щэнейрэ и чемпион Тау Хьэсэнбий и цІэр зэрихьэу Щхьэлыкъуэ дзюдомкІэ дэт школым зыщызыгъасэ сабийхэм папщІэ япэу зэпеуэ екІуэкІащ. Абы ехъулІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьахэр ягъэгуфІащ щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкІэ. ДзюдомкІэ школым и тренерщ Хъупсырджэн Резуанрэ Къущхьэ Жамбулэтрэ.**

ІУЭХУМ хэтащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн, дзюдомрэ самбомкІэ олимп зэпеуэм щыхуагъасэ школым и унафэщІ Тау Сэфарбий, Щхьэлыкъуэ къуажэ администрацэм и унафэщІ КІэрэф Астемыр, Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт спорткомплексым и унафэщІ КІэрэф Залым, абы и къуэдзэ Энеев Рустам сымэ.

- Дзюдор спорт лІэужьыгъуэ къудейкъым: Ар къабзагъэщ, гурыхуэ, Іэрыхуэ узыщІщ. Абы уепсыхь, уи хьэлщэнымрэ зыІыгъыкІэмрэ фІы и лъэныкъуэкІэ зригъэхъуэжу, уегъасэ нэхъ махэм укъыщхьэщыжу, нэхъ лъэщу къэплъытэм удэплъейрэ улъэщІыхьэу. А псор хузэфІокІ дзюдом, ауэ абы гумызагъэу ухэтын хуейщ. Хьет жевгъэІэ! - мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ захуигъэзащ школым зыщызыгъасэхэм Анаев Аслъэн.

Тау Сэфарбий сабийхэр иущиящ дзюдом зыщыхуагъасэ дерсхэр дамыгъэхуу къекІуэлІэну, нэхъри нэхъ лъэщ зэрыхъунум дэтхэнэри хущІэкъуну икІи яжриІащ абыхэм олимп чемпионхэр къахэкІыну гугъэ зэриІэр.

- Тау Хьэсэнбий, Мудрэн Беслъэн хуэдэу ди республикэм и цІэр зыІэтын чемпион Іэчлъэчхэр къыфхэкІыну дыхуейщ. А псомкІэ сэбэп къыфхуэхъунущ фи тренерхэр - жаІэр вгъэзащІэ! - жиІащ абы.

Зэпеуэм кърихьэлІа Тау Хьэсэнбий фІыщІэ яхуищІащ Іуэхур къыдэзыІыгъахэм, спортсмен ныбжьыщІэхэм, адэанэхэм.

*Тхыгъэри сурэтри*
**НАФІЭДЗ Ислъам** *ейщ.*




Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

**ЖьэкІэмыхъу Маринэ** *(унафэщІ-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинып и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.203
Заказыр №17
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарь* **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Елмэс ФатІимэ** *(1, 4-нэ нап.).*
*КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.